



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 8ÈM PWOPOSIZYON DISKOU ETA LETA 2017 LAN:  
ENSTALE PLIS PASE 500 NOUVO ESTASYON RECHAJ BATRI POU  
PWOMOUVWA ITILIZASYON VEYIKIL ELEKTRIK**

***500 Nouvo Estasyon Rechaj Batri nan Lye Travay yo***

***Yo pral Enstale 69 Nouvo Estasyon Rechaj Batri sou Tout Thruway a***

***Konplemante Angajman Gouvènè a pran pou l Redwi Emisyon Gaz a efè sèr yo a  
40 pousan avan 2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale yon pwopozisyon pou pwomouvwa itilizasyon veyikil elektrik nan New York atravè konstriksyon 500 nouvo estasyon rechaj batri nan lye travay yo ak 69 nouvo estasyon rechaj batri sou tout Thruway a. Kreyasyon yon rezo estasyon rechaj veyikil elektrik yo ki laj se eleman kle pou ogmante adopsyon veyikil elektrik zewo emisyon yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “New York te adopte youn nan politik pou rediksyon gaz a efè sèr ki pi agresif nan nasyon an yo, epi investisman k ap kontinye fèt nan enfrastrikti pou sipòte veyikil zero emisyon yo se yon lòt mwayen depilis pou atenn objektif sa yo, redwi anprent kabòn nou epi konbat chanjman klimatik. Anplis de sa a, ogmantasyon disponiblite estasyon rechaj batri sou Thruway a yo pral ede asire yo disponib nan pratikman tout kwen nan New York.”

Anplis de rechaj batri lakay ak nan lye travay yo, wout transpò komen prensipal New York la egzije de plizanpli yon rezo estasyon rechaj batri pou veyikil elektrik yo ki solid. New York State Thruway a te nesese pou vitalite ekonomi Rejyon Nò a lè l ap founi mwayen transpò ki sekirize ak fyab atravè Rejyon Nòdès la. Toutfwa, veyikil elektrik jodi a yo dwe sòti kite otowout 917 kilomèt la prèske chak lè yo bezwen rechaje batri yo paske gen sèlman kat estasyon rechaj batri ki anndan sistèm Thruway a. Pou pwomouvwa itilizasyon veyikil elektrik nan New York, Thruway Authority te enstale 69 nouvo estasyon a plòg pou rechaje veyikil elektrik yo sou tout Thruway a.

Angajman sa a pral ogmante valè estasyon rechaj batri piblik la gen aksè a 50 pousan atravè tout eta a epi sa pral agrandi kouvèti yo yon fason konsiderab sou tout sistèm

lan. Konsantrasyon elve ak kouvèti etandi enfastrikti rechaj nouvo estasyon sa yo pral founi an yo, pral ede asire pwogram Depatman Transpò pou Koridò Kabiran Altènatif Etazini an (U.S Department of Transportation Alternative Fuel Corridors) deziyen tout Thruway a nèt kòm yon “EV Corridor” (Koridò Veyikil Elektrik) ki antèt nan peyi a. Aksyon sa a sipòte tou angajman Gouvènè Cuomo pran pou l redwi emisyon gaz a efè sèr yo a 40 pousan avan 2030 soti nan nivo 1990 yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418